# आकाशवाणी, गोरखपुर

## दिनांक–06 दिसम्बर 2024 भोजपुरी समाचार

आजु संविधान निर्माता बाबा साहब डॉक्टर भीमराव आम्बेडकर क महापरिनिर्वाण दिवस हवे। येह मौका पर ओन्हें श्रद्धांजलि देवे बदे प्रदेसभर में कई गो कार्यक्रमन क आयोजन कइल गइल। मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ लखनऊ के हजरतगंज में बाबा साहब के मूर्ति पर फूल–माला चढ़ा के सरधांजलि दिहलें। एकरे बादे उहां के आम्बेडकर महासभा परिसद में आयोजित कार्यक्रम में सामिल भइलें। कार्यक्रम में मुख्यमंत्री कहलें कि हमार सरकार गरीबन, वंचितन अउर दलितन बदे बाबा साहेब आम्बेडकर के सपना के साकार कइल रहल हवे। उहां के कहलीं कि बाबा साहब पर सोध हो सके अउर ओनके जीवन दरसन के गांव–गांव ले पहुंचावल जा सके एकरे बदे सरकार लखनऊ में बाबा साहब भीमराव आम्बेडकर इंटरनेसनल सेंटर क स्थापना करे जा रहल हवे। येह मौका पर उप मुख्यमंत्री ब्रजेश पाठक, मंत्री असीम अरूण के लेके कई गो जन प्रतिनिधि मौजूद रहलें।

**********

सिख धर्म में गुरू परंपरा क नौवां गुरू, गुरू तेग बहादुर जी महाराज के बलिदान दिवस पर मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ लखनऊ के यहियागंज गुरूद्वारा में जाके श्रद्धा सुमन चढ़वलें। येह मौका पर गुरू तेग बहादुर के बलिदान के नमन करत मुख्यमंत्री कहले कि गुरू तेग बहादुर हरदम्मे देस अउर धरम के प्राथमिकता दिहले आ कउनो विदेसी ताकत के सामने सिर नाही झुकवलें।

**********

तेरह दिसंबर के प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी के प्रस्तावित आगमन के लेके मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ बिहने प्रयागराज पहुंच के महाकुंभ दुइ हजार पचीस अउर प्रधानमंत्री के हाथ लोकार्पित होखे वाली परियोजनन क समीक्षा करिहें। प्रयागराज पहुंचले से पहिले मुख्यमंत्री बनारस में पिंडरा ब्लॉक में आयोजित सामूहिक विवाह समारोह अउर उमराहा में विहंगम योग के सताब्दी समारोह में सामिल होइहें।

**********

न्यूनतम समर्थन मूल्य आ अउरियों मांगि के मुद्दा पर किसानन के विरोध परदरसन के बिच्चे केन्द्र सरकार आजु कहलस कि ऊ फसलिनि के उत्पादन लागत से कम से कम पचास फीसदी बेसी न्यूनतम समरथन मूल्य देवे बदे बचनबद्ध हौ। राज्यसभा में पूरक प्रस्न क उत्तर देत केन्द्रीय कृषि मंत्री शिवराज सिंह चौहान कहलें कि किसानन क कल्याण केन्द्र क बचन बद्धता हवे। केन्द्र सरकार कई गो फसलिनि पर न्यूनतम समर्थन मूल्य बढ़ा चुकल हवे।

**********

अयोध्या में राम मंदिर क सिखर सोना क होई। सिखर पर दस फीट सोना लगावल जाइ। राम मंदिर निर्माण समीति के बइठकी में हिस्सा लेवे बदे अजोध्या पहुंचल निर्माण समिति क अध्यक्ष नृपेन्द्र मिश्र बतवले कि पनरह मार्च के राम मंदिर के निर्माण क कार पूरा हो जाइ। उहां के कहलीं कि रामलला क आसन अउर मंदिर क सज्जों दरवाजा स्वर्ण जड़ित हवे। अब मंदिर क सिखरों स्वर्णजड़ित करावल जाइ।

**********

महायोगी गोरखनाथ विश्वविद्यालय गोरखपुर के चिकित्सालय में अट्ठारह गो मसीन वाला डायलिसिस सेंटर चालू हो गइल हवे। येह से गुर्दा के बेमारी से पीड़ित पूर्वी उत्तर प्रदेस, सीमावर्ती बिहार अउर नेपाल के मरीजन के डायलिसिस बदे अब लमहर इतेजार नाही करे के पड़ी। महायोगी गोरखनाथ विश्वविद्यालय के श्री गोरक्षनाथ मेडिकल कॉलेज हॉस्पिटल एण्ड रिसर्च सेंटर के प्राचार्य डाक्टर अरविन्द सिंह कुशवाहा बतउलें कि ईहा के अस्पताल में रोजाना साठ से बेसी मरीजन क डायलिसिस करवले क सुविधा मिली।

**********

बीतल चौबीस घंटा के दौरान प्रदेस के तीनि गो जिलन कन्नौज, चित्रकूट अउर पीलीभीत में भइल सड़क हादसन में अट्ठारह जने क मउति हो गइल आ अउरियो कई जने घाही हो गइल हवे। कन्नौज जिला के सकरावां थाना इलाका मे आजु दुपहरिया आगरा–लखनऊ एक्सप्रेस–वे पर लखनऊ से दिल्ली जा रहल डबल डेकर बस हाईवे पर ठाढ़ ट्रक से टकरा के पलट गइल। येह हादसा में छौ जने क ओहिजुकवे मउति हो गइल आ करीब डेढ़ दरजन यात्री घाही हो गइले। हादसा के दौरान प्रदेस के जल सक्ति मंत्री स्वतंत्रदेव सिंह क काफिला ओहर से जात रहल। मंत्री रूकि के घायलन के जल्दिये अस्पतालें पहुंचावे अउर बढ़िया इलाज क निरदेस दिहलें। सज्जों घाही लोगिन के राजकीय मेडिकल कॉलेज में भरती करावल गइल हवे। चित्रकूट जिला के रैपुरा थानाक्षेत्र में झांसी–मिर्जापुर हाईवे पर आजु भिन्नही तेज रफ्तार बुलेरो के सामने से आ रहल ट्रक से टकरा गइले के नाते बोलेरो सवार छौ जने क मउति हो गइल आ पांच जने अउरियो घाही हो गइले। घायलन के जिला अस्पताल में भर्ती करावल गइल हवे। ओहर पीलीभीत जिला में बीतल राति ं टनकपुर हाईवे पर एगो कार के बेकाबू होके पेड़ से लड़ि गइलें से कार में सवार छौ जने क मउति हो गइले अउर पांच जने घाही हो गइलें। पुलिस घाही लोगिन के जेसीबी के मददि से कार से बहरे निकारि के जिला अस्पताल में भर्ती करवलस।

**********

खेल निदेशालय के तत्वावधान में आठ दिसंबर ले होखे वाली महंत दिग्विजयनाथ राज्य स्तरीय प्राइजमनी पुरुष बास्केटबॉल अउर महंत अवेद्यनाथ राज्य स्तरीय प्राइजमनी पुरुष वॉलीबॉल प्रतियोगिता क उद्घाटन आज खेल निदेशक डॉक्टर आरपी सिंह कइलें।

**********